# Эпиграф

***«Анцӏго бутӏаги гьабун ичӏго бутӏа талихӏалъул бараб буго сахлъиялда»***

*Артур Шопенгауэр*

# Эпиграф

- «Девять десятых нашего счастья зависит от здоровья »
  - Артур Шопенгауэр

Миллион кьуниги,
Кьоларо сахлъи
Сахал гӀадамаца
Гьаб дунялалда.

▪ __________

Цо эбел йокьула
Гьаб ракьалда дий,
Дида  цадахъ йигей,
Дун гӀезаюрай.



Чан? **Кlиго** яги **анцlго**?
**Лъабго** яги **щуго**?
**Къоло щуго** бугодай?
**Ичlабилеб** батила.
Чанабилеб? абураб
Суал бачlунеб буго.
**Нусабилеб** бугодай?
Гьебги лъазе захlматаб.
Каламалъул бутlа дун,
Дида цlар **Рикlкlен** буго.



Тема:

«Рикlкlен – каламалъул бутlа».



- Тема : «Числительное как часть речи »

- Каламалъул бутIа хIисабалда рикIкIеналъе баян кьезе, предложениялда жанир гьел хIалтIизариялъе бичIчIи кьезе; къадаралъулги иргадулги рикIкIен батIа бахъизе лъазе
- Текстазулъ рикIкIенал ратизе, жидецаго хIасилал гьаризе ругьун гьаризе
- Жидерго сахлъиялде кIвар кьезе, гьеб цIунизе гъира бижизабизе;
- МагIарул мацIалде рокьи бижизабизе

- Цель: расширить и обобщить  знания учащихся об имени числительном ;
- Задачи: учить различать имена числительные среди других частей речи ;
- дать определение количественным и порядковым числительным;
- привить любовь к родному языку , бережному отношению к своему здоровью.

# Суалазе жавабал кье.

- l)Чан сагIаталъ нуж кьижизе кколел?
- 2) Чан тIубараб мехалъ кьижизе лъикIаб бугеб?
- 3) Чан сагIаталъ дарсал гьаризе кколел?
- 4) Къоялъе чан нухалъ кваназе кколел?



# Тарихазул диктант

- Къого
- Кlиабилеб
- Щуго
- Нусго
- Ункъо
- Тlоцебесеб
- Ичlабилеб
- Анцlила кlиго
- Микьабилеб
- Анцlила анлъго

| I | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | I0 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Къ | и | къ | къ | къ | и | и | къ | и | къ |

- **ХIалтIи 3 гь. 77.**
- РикIкIенал къватIире росун хъвазе.





- **Хlухьбахъиялъул лахlзат.**

- Щуго килищ, цlохlо квер
- Босе, гьудул, босе гьаб.
- Щуго килищ, цохlо зар
- Босе, тушман, босе гьаб.





# Масъалаби:

- Чан букlинеб 2+2*2
- (анлъго)
- Щиб гъабилеб щуго вас цо-цо чакмаги ретlун хутlизе ккани.
- (Цояб хlатlидаса бахъизе ккела)
- Цо гlемер хабар бицуней яс йикlанила. Кинаб моцlалда жаний гьей дагь гаргадилей?
- (февраль)
- Хоноялъулъ - кlиго, чlоролоялъул – лъабго, хlелекоялъул – цо, гlеч – цониги гьечlо
- ( о - хlарп)
- Цо тарих гlаксалда свериэабуни, лъабго нухалъ цlикlкlуна. Щиб гьеб кколеб?
- (6 – 9)



- Кlиго чияс шашкаби хlалел ругила, щибав щу-щу нухалъ хlанила, щуябго нухалъ кlиявго вергъанила.



- (Гьел батlиязда данде хlалел руклун)
- Васас цояб кнералъ лъабго килограмм бугеб хъарпу ккунила, цогидаб кнералъ лъабго килограмм хlулиялъул босанила. Кинаб баклаб бугеб?
- (Кlиялдаго цого ц1айи буго)
- Дельфин хlухьел босизе лъелъа къватlибе бачlунеб буго щибаб 15 – 30 минуталдасан. Кьижараб мехалъ гьеб гъанкъуларищ?
- (Гьеб кьижуларо)



- Кlодоца хьухьанила хасалиде шарфалги щватабиги. Кинабниги гьелъ хьухьанила 3 шарфги 6 щватаги. Чан лъимер буклараб?
- (Лъабго)



***<u>Хlасилал гьари – рефлексия</u>***

*Предложениял лъугlизаре:*



Жакъа дарсида дида лъана………………………..

Дие бищунго бокьана……………………………

Жакъа дарсида дихъан бажарана…………………………



**Рокъобе хlалтlи:**

- Хlалтlи № 6. Рикlкlеналъе суал лъун, рагlабазда тlад хъвазе.
- Гьитlинаб сочинение хъвазе «Дир хъизан»

# БАРКАЛА КИНАЗЕГО!